

BENTENG PAJODAN DJAWI.

Sosorahipoen Ki Hadjar Dewantara ing
parepatan-agoeng Djawa-Sentotai, tg.
29 - VII - 04 ing Jogjakarta Hdngprt.

Neowoen, para rawoeh ingkang minoelja! Sanget gembiraning manah koela,
déné pandjenengan sadaja, seserangan maewoe-woe, sami karsa rawoeh ing
kagoengan-dalem aloon-aloon poenika, perloe ngestrèni parepatan-agoeng
ing dalem poenika. Rawoeh pandjenengan ~~poenika~~ mratandani, bilih rakjat
ing nagari-dalem Ngajogjakarta Hadiningrat, jektos sampoen goemrégh,
ngantjik ing djaman anjar, margretos ing gelagading djaman, sarta poeroen
anggeboer ing ombak-omboeling gesang bebrajan; boten amisah-misah, angé-
wé-ndéwé, ~~ngagoeng~~ nanging sajoe roekoen manonggil dados satoenggal, sa-
ged moedjoedaken rakjat sawetah, moerba lan kekah, sarta wani lan saged
mangoelangi/saka~~hahing~~ bebajaning pradja.

Para sadèrèk! ~~Sarta~~ poenika pandjenengan sami dipoen atoeri ngalempak
ing ngriki, perloe mirengaken sosorah-sosorah bab "Benteng perdjoeangan
Djawa", sarta koela pijambak tinanggenah toemoet nerang-nerangaken, mi-
nangka wewakiling rakjat, doemateng rakjat, inggih doemateng pandjenengan
sadaja. Sampoen temtoe kemawon, koewadajiban ingkang kadawahaken ing poen-
dak koela waoe, koela sanggi sarta koela lampahaken sarana legawaning ma-
nah; margi mitoroet pamanggih koela, rakjat sawetah kedah mangertos sajek-
tos, poenapa ingkang dipoen wastani "Benteng perdjoeangan Djawa" poenika;
poenapa tegesipoen, maksoedipoen, lan poenapa ingkang dipoen toedjoe. Sa-
dèngipoen koela ngandaraken bab "Benteng perdjoeangan" poenika, lang-
koeng roemijin koela badé nerang-nerangkan sawatawis bab oetawi prakawis,
ingkang mitoroet wawasan koela, kènging ka-anggep/dasar-dasar kapitado-
san, ingkang perloe kanggé nampi oetawi nganggep sarana jakin, bab perloe-
nipoen wonten "Benteng perdjoeangan" waoe..

Sadèrèk2. ingkang minoelja! Salebetipoen 3 taohen ingkang loemampah poen-
ka, temtoenipoen koela sadaja sampoen boten kakilapan, bilih sadjatsoepoer
perang Asia Timoer Raya poenika, dédé ngemoengaken perangipoen Dai Nippon
mangsa Inggris lan Amerika kemawon, naging oegi perangipoen sadaja rak-
jat. ing sa-indenging beemi-Asia, nglawan ~~.....~~ nagari ~~.....~~, ingkang
andjadjah tanah-tanah ing sa'loemahing boemi Asia. Kalebet oegi banda-
joedaning rakjat Indonesia mangsa nagari Walandi. Sampoen ngantos sami
kesoepèn, para sadèrèk, bilih mèh sawetahing boewana Asia poenika, kadja-
djah déning bangsa Inggris, Amerika lan Walandi; namoeng nagari Nippon,
poenika kapara anèh sanget, dèrèng naté kabawahaken nagari sanès, wiwit
adegipoen doemoegi samangké, boten kirang saking 2604 taohè laminipoen.

Sigeg samanten roemijin. Mangga, sami dipoen padosi, poenapa baja ing-
kang njebabaken, déné nagari Nippon waoe boten naté kahehèr ing bangsa li-
jan, nanging tetep madeg pribadi ngantos samanten laminipoen.....
Sampoen temtoe kèjah sabab-sababipoen, lan boten perloe ing parepatan-ago-
eng poenika, koela sami mètani saka~~hahing~~ bab ingkang mawarni-warni
sarta wigatos waoe, ngemoengaken sa'oenggal kalih bab oetawi kawontenan,
ingkang perloe katjoedik ing ngriki, soepados sageda mangké dados koepija
toewin toelada kanggé koela sadaja, ingkang gesang ing tanah Djawi samang-
ké poenika.

Para sadèrèk! Kekah kijating nagari Nippon, sarta moerba lan wetahing
rakjat Nippon poenika, saking kejakinan koela, ~~.....~~ kasebab-
aken déning wontening poepoendèn ingkang Linoehoeng; inggih poenika won-
tening "Ratoe-binajara" oetawi "Dèwa-nata", ingkang kapoendi-poendi déning
sawetahing rakjat moerba; ingkang ka-anggep Poetraning-Dèwa sarta Bapak-
ing rakjat-kawoela; angasta poesaraning pradja, adedasar adil-palamarta,
Loehoer lan Moelja kang tanpa pinda.

Saking wontening poepoendèn kang Maha-Loehoer waoe, rakjat Nippon esage
sanget kekah ing gesang kibatosanipoen; boten gampil gigrig-gempil ing
kajakinanipoen; tansah mitoehoe dateng sadaja oeba-rampéning pimpinan
pradja; tansah sordh-baoc sarta sagah ngoerbanaken gesang-pribadènipoen,
kanggé mamajoe-ajoe koentjaraning pradja; tansah wani ngroengkepi boemi
wotah-rahipoen.

Déning wontening poepoendèn kang Maha-loehoeng waoe, rakjat Nippon
boten saged kapetjah-~~etjah~~, boten naté wonten tjetjongkrahan ingkang
mahanani soedaning kajijatan oetawi ambroeking daja-prabawaning pradja.

Yelanyang Kridosono

/ sadaja


7 dados

F. Schoeter

MAGNUM TAMANSIWA
DEWANTARA KIRTI GRAYA

333

5/1



Keadaan kesehatan anak negeri makin baik, sebab tetap diamat-amati oleh tabib dengan pimpinannya Balatentara Dai Nippon. Djoega peroesahaan2 tambang jang ^{danceloe} terlanjar, diperbaiki kembali dan telah memberi hasil jang melebihi keboetoehan sendiri. Selandjoetnja/Pilipina ^{dapat} ~~parti~~ berdaja oepaja agar soepaja kelak dikemoedian hari dapat mentjoekeopi segala keboetoehanja sendiri, teroetana persediaan makanan, seperti beras dsb., akan diperhatikan benar.

Djoega telah dioesahakan menanan pohon2 kapas oentoek mentjoekeopi persediaan bahan2 barang tenoen. Banjak poela terdapat paberik minjak kelapa dan paberik papan. Perhoebongan djalan kereta-api diperbaiki dan diperloeas. Pelaboehan soedah moelai ramai lagi. Djoega pemboeatan kapal dan oeroesan listerik ditempat-tempat jang penting ta' dilalakan. Keadaan keoeangan negeri sehat dan ta' memboetoehi pindjaman istimewa lagi. / dengan pertoeendjoek2 Dai Nippon

14/SR/Sj.

Amerika.

POLITIK EKONOMI SEKOETOE DI ASIA!Bangsa2 Asia dianggap sebagai lemboe.Diseroeh menarik gerobak, soesoenja diperas dan kemoedian..... disembelih.

TOKIO, 26/12.....(Domei)..... "Economist", soeatoe madjallah ekonomi jang banjak dibatja, memberi komentar tentang politik kaem sekoetoe di Asia pada masa jang lampau demikian: Amerika, Inggeris dan Belanda senantiassa berdaja oepaja me meras dan mengisap bangsa Asia serta ta' memberi kelonggaran sedikit djoegapoen pada anak negeri oentoek mentjapai kemadjoean; mereka haroes tinggal bodoh. Dengan demikian bangsa Asia dianggapnja sebagai lemboe jang menarik gerobak dan akan melarikan dirinja djika diberi kelonggaran sedikit.

Politik Amerika ada berlainan sedikit daripada politik teman2nja, oleh karena Amerika dapat memaksa ^{bangsa} Pilipina memakai barang2 dari Amerika sadja. Oleh karena itoe banjaklah mas masoek kekantong kaem hartawanja. Ada poela soeatoe keadaan jang senantiassa mendjadi persoalan bagi bangsa Amerika. Amerika selaloe berichtjar, mentjadi akal, soepaja dapat dipertahankan polarangan imigrasie terhadap pada bangsa Pilipina, pe larangan mentjoekeopi segala doeloe2 telah dulakoekan terhada. Dari segala hasil pertanian, perindoesterian dan peroesahaan tambang jang dikirim keloear negeri, 42% diambil oleh Amerika. Ini adalah 30% dari segenap hasil negeri Pilipina.

Poen Amerika mengadakan tjoekei istimewa oentoek melindoengi peroesahaan goela di Cuba jang dimodali oleh kaem hartawan Amerika.

Pilipina itoe dianggap oleh Amerika sebagai lemboe jang dapat diperas soesoenja sampai habis dan sesoedah itoe dipotong agar soepaja daging-njapoen dapat dimakan poela. / bangsa Timoor lainnja.

45/SR/Sj.